



Pou Piblikasyon Imedya: 13/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 8.3 MILYON DOLA POU MINISIPALITE
YO POU ENFRASTRIKTI RECHAJ VEYIKIL ELEKTRIK**

***Sibvansyon syo ipòte prèske 250 nouvo estasyon rechaj piblik nan 70 kominote
atravè eta a***

***Eta New York pral konstwi plis pase 1,300 estasyon rechaj pou flòt ajans lan
pandan senk ane k ap vini yo***

***Plan yo bati sou investisman kontinyèl Eta a yo nan enfrastrikti rechaj veyikil
elektrik ak inisyativ rediksyon emisyon***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 8.3 milyon dola pou 70 minisipalite pou yo enstale estasyon rechaj veyikil elektrik pou itilizasyon piblik. Sektè transpò a se dezyèm pi gwo sous emisyon gaz ki lakòz efè sè nan New York, epi estasyon rechaj veyikil elektrik sa yo pral ede eta a reyalize egzijans anbisye pou rediksyon gaz ki lakòz efè sè nan kad Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a. Anons sa a, ki te fèt nan New York International Auto Show (Salon Oto Entènasyonal New York) jodi a, gen ladan l yon plan enfrastrikti EV pou konstwi plis pase 1,300 estasyon rechaj pou sipòte yon tranzisyon total nan direksyon yon flòt Eta ki degaje zewo emisyon.

"New York te fè pwogrè remakab nan avanse tranzisyon nou an soti nan konbistib fosil ak diminye emisyon veyikil danjere nan tout eta a kòm yon pati nan ajanda klimatik lidè nasyonal nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a inisyativ tankou sibvansyon pou Enfrastrikti Veyikil Zewo Emisyon Minisipal yo, kominote yo atravè Eta New York ap pran mezi solid pou pwoteje anviwònman an ak atake kriz klimatik la. Nou pral kontinye investi nan enèji pwòp pou amelyore sante ak kalite lavi Nouyòkè yo epi asire yon avni ki an sekirite ak dirab."

Faz 2022 nan kad Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti Veyikil Zewo Emisyon (Zero-Emission Vehicle, ZEV) Minisipal Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la te bay 131 prim bay 70 minisipalite ki totalize 8.38 milyon dola pou sipòte enstalasyon 454 pò rechaj Nivo 2 ak 28 chajè rapid nan kouran dirèk (direct current fast charger, DCFC) nan tout Eta New York, ki se pi gwo kantite prim depi pwogram nan te kòmanse an 2016. Yo te bay plis pase 42 pousan

finansman sibvansyon pou pwojè ki nan sitiye kominote defavorize yo. Gwoup Travay pou Jistis Klimatik la [dènyèman te finalize kritè pou kominote defavorize yo](#) ki pral asire 35 pousan, ak yon objektif 40 pousan, nan avantaj jeneral nan depans pou enèji pwòp ak pwogram efikasite enèji yo - ki se youn nan plizyè fason Lwa Klimatik la priyore jistis klimatik.

Komisè Depatman pou Konsèyasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "DEC fyè pou l travay ak kominote yo ak lidè lokal yo atravè eta a nan investi nan enèji pwòp, diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè, ak bati enfrastrikti dirab. Finansman sa a pral kontinye ogmante rezò rechaj veyikil elektrik New York la nan kominote yo pandan n ap tranzisyon pou pase nan veyikil zewo emisyon yo pou redwi emisyon yo epi amelyore sante ak sekirite Nouyòkè yo. DEC bat bravo pou kominote sa yo k ap travay pou adrese kriz klimatik la lè yo aji lokalman pou ranfòse lidèchip klimatik Eta a."

Komisè Pwovizwa Biwo Sèvis Jeneral la, Jeanette Moy, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, OGS fyè pou l dirije efò Eta a pou enstale estasyon rechaj EV yo pou ajans Eta New York yo. OGS ap travay ak patnè nou yo nan gouvènman an ak sektè prive a pou atenn objektif Gouvènè a pou konvèti flòt pwa lejè Eta a 100 pousan veyikil zewo emisyon disi 2035."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Pou mennen adopsyon EV nan pwen baskilan li pral mande yon kolaborasyon generalize ak edikasyon konsomatè yo, epi ajans Eta New York yo ap travay ansanm pou rann li pi fasil pou konsomatè yo, biznis yo ak gouvènman lokal yo pou fè tranzisyon an. Investisman sa yo nan nouvo enstalasyon rechaj pouse New York ale nan yon etap pi pre yon sistèm transpò ki totalman elektrifye."

Sibvansyon enfrastrikti ZEV yo disponib pou vil, komin, vilaj, ak konte yo atravè New York nan kad Pwogram ZEV Minisipal DEC la. Pwogram nan ofri tou rabè pou veyikil flòt zewo emisyon yo. Yo te [anonse an desanm lan](#) prim rabè 2022 pou veyikil flòt zewo emisyon minisipal yo. Depi kreyasyon li an 2016, Pwogram Minisipal DEC ZEV la te bay plis pase 16 milyon dola nan rabè ak sibvansyon (ki gen ladan faz sa a) pou acha 114 veyikil ibrid rechajab, 182 veyikil ki elektrik nèt, 1,076 pò rechaj Nivo 2, 44 sòk rechaj rapid ak twa bouch ravitayman an idwojèn.

Men benefisyè prim Sibvansyon pou Enfrastrikti Veyikil Zewo Emisyon Minisipal 2022 yo:

Rejyon Kapital

Vil Albany, 499,769.60 dola pou 28 pò rechaj Nivo 2
Konte Albany, 65,970.80 dola pou 14 pò rechaj Nivo 2
Vil Schenectady, 54,800 dola pou uit pò rechaj Nivo 2
Vilaj Menands, 32,934 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Vilaj Catskill, 26,605.95 dola pou uit pò rechaj Nivo 2

New York Santral

Vil Oneida, 450,711 dola pou uit pò rechaj Nivo 2
Vil Dewitt, 261,800 dola pou 16 pò rechaj Nivo 2
Vil Salina, 199,400 dola pou yon sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vil Onondaga, 194,521.60 dola pou 10 pò rechaj Nivo 2
Vil Auburn, 80,288 dola pou sis pò rechaj Nivo 2
Vilaj Baldwinsville, 35,454.50 dola pou kat pò rechaj Nivo 2

Finger Lakes

Vilaj Medina, 245,184 dola pou de sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vilaj Clyde, 110,862.60 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Vil Chili, 89,463 dola pou 20 pò rechaj Nivo 2
Vil Seneca, 86,022 dola pou 12 pò rechaj Nivo 2
Vil Irondequoit, 79,028.10 dola pou 14 pò rechaj Nivo 2
Vil Brighton, 63,570 dola pou uit pò rechaj Nivo 2
Vilaj Sodus Point, 62,440 dola pou 16 pò rechaj Nivo 2
Vil Sodus, 44,950 dola pou uit pò rechaj Nivo 2
Vil Ogden, 31,328 dola pou uit pò rechaj Nivo 2
Vilaj East Bloomfield, 29,071.20 dola pou uit pò rechaj Nivo 2
Vil Canandaigua, 28,820 dola pou sis pò rechaj Nivo 2
Vil Lodi, 27,908 dola pou uit pò rechaj Nivo 2
Vil Macedon, 25,274.48 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Vil Richmond, 22,216.50 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Konte Wyoming, 20,800 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Vil Lima: 13,720 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Vilaj Pittsford, 12,502 dola pou de pò rechaj Nivo 2
Vilaj Albion, 10,500.00 dola pou de pò rechaj Nivo 2

Long Island

Vil Oyster Bay, 490,811.41 dola pou 22 pò rechaj nivo 2 ak yon sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vilaj Smithtown, 161,130 dola pou de sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vil Huntington, 123,264 dola pou 16 pò rechaj Nivo 2
Vilaj Glen Cove, 47,774.10 dola pou de pò rechaj Nivo 2
Vilaj Sea Cliff, 42,114 dola pou de pò rechaj Nivo 2

Mid-Hudson

Vil Kingston - 268,644.54 dola pou de sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vil Mount Pleasant - 250,000 dola pou KAT sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vil Poughkeepsie, 207,167.50 dola pou de pò rechaj Nivo 2 ak de sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vilaj Croton-on-Hudson, 149,266.78 dola pou 12 pò rechaj Nivo 2
Vilaj Amenia, 82,180.40 dola pou de pò rechaj Nivo 2
Vilaj Pleasantville, 43,644.01 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Vilaj Sleepy Hollow, 38,100 dola pou de pò rechaj Nivo 2
Vil Esopus, 35,260 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Vilaj Briarcliff Manor, 25,800 dola pou kat pò rechaj Nivo 2

Vil Kent, 23,027.64 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Vilaj Wappingers Falls, 9,790 dola pou de pò rechaj Nivo 2
Vilaj White Plains, 9,387.15 dola pou de pò rechaj Nivo 2

Mohawk Valley

Vil Oneonta, 299,546 dola pou 26 pò rechaj Nivo 2
Konte Montgomery, 268,000 dola pou 24 pò rechaj Nivo 2
Vilaj Northville, 23,659 dola pou de pò rechaj Nivo 2

North Country

Vil Indian Lake - 236,686.50 dola pou de sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vilaj Waddington, 117,375 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Vil Clayton, 87,375 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Vil Jay, 53,292 dola pou sis pò rechaj Nivo 2
Vil Canton, 50,061 dola pou yon sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vil Newcomb, 49,452.50 dola pou sis pò rechaj Nivo 2
Vilaj Chesterfield, 37,525.45 dola pou de pò rechaj Nivo 2
Vilaj Tupper Lake, 17,200 dola pou de pò rechaj Nivo 2
Vilaj Ausable, 14,675 dola pou de pò rechaj Nivo 2

Southern Tier

Konte Chemung: 500,000 dola pou de sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vil Sidney, 80,632.32 dola pou de sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vilaj Fleischmanns, 7,573.50 dola pou de pò rechaj Nivo 2

Western New York

Vil Olean, 499,210 dola pou 20 pò rechaj Nivo 2
Vil Amherst, 470,683.20 dola pou 14 pò rechaj nivo 2 ak yon sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vilaj South Dayton, 209,750 dola pou yon sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vilaj Lancaster, 137,200.00 dola pou de pò rechaj Nivo 2 ak yon sòk rechaj rapid nan kouran kontini
Vil Grand Island, 50,148 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Vilaj Hamburg, 49,100.80 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Vil West Seneca, 31,475.70 dola pou kat pò rechaj Nivo 2
Vil Eden, 26,377.96 dola pou de pò rechaj Nivo 2

Gen plis enfòmasyon sou Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti ZEV Minisipal DEC la, ansanm ak Rabè ZEV Minisipal yo ki disponib sou sitwèb DEC la nan:

<https://www.dec.ny.gov/energy/109181.html#ZEV>

Rann flòt Eta New York yo ekolojik

Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta New York la ap dirije yon efò pou konstwi plis pase 1,300 estasyon rechaj ki dedye a chaje flòt yo nan senk ane nan enstalasyon eta yo, k ap kòmanse ak enstalasyon 130 estasyon nan pwopriyete OGS yo. Chajè sa yo pral yon melanj chajè Nivo 2 ak chajè rapid an rezo. OGS Resiliency

and Sustainability (Rezistans ak Dirabilite OGS) ap fè patenarya tou ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pou devlope yon Plan Flòt Pwòp pou idantifye etap enpòtan nan enfrastrikti ki nesese pou atenn objektif sa a epi rekòmande règleman ak pwosedi kle pou sipòte ak akselere tranzisyon an nan direksyon yon flòt zewo emisyon.

Pwogrè rechaj rapid EVolve NY la

Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) te anonse kantite chajè ki nan rezo a gran vitès EVolve NY li a te rive nan plis pase 120 nan 32 sit nan gwo koridò vwayaj yo. Nan travay ak lòt ajans eta yo, yo prevwa total la ap ogmante nan omwen 800 nan tout eta a dis 2025, sa k ap asire chofè EV yo pa bezwen enkyete yo pou yo pèdi chaj yo. Chajè Rapid nan Kouran Kontini yo ka chaje pi fò nan kapasite batri a nan nenpòt ki mak oswa modèl EV nan yon ti tan nan 20 minit.

Anons EV yo jodi a konplete lòt aksyon resan New York ap pran pou akselere tranzisyon an nan direksyon veyikil elektrik yo. An desanm, DEC te anonse [adopsyon règleman Advanced Clean Cars II](#) (Machin Pwòp Avanse II) ki egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon lejè yo vann nan Eta New York yo degaje zewo emisyon dis 2035 pou akselere lavant machin zewo emisyon yo, sa k ap lakòz amelyorasyon kalite lè nan tout eta a, patikilyèman nan kominote ki afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl pa polisyon ki gen rapò ak transpò. Règleman an mande pou yon pousantaj ogmantasyon nan lavant nouvo machin pwa lejè yo dwe veyikil zewo emisyon (ZEV) chak ane, k ap kòmanse ak 35 pousan lavant ZEV nan ane modèl 2026 la, sa k ap mennen nan 100 pousan lavant ZEV dis 2035.

Adopsyon Machin Pwòp Avanse II a enkli pami rekòmandasyon yo nan Pwojè Plan Eksploratwa Konsèy Aksyon sou Klima a epi li pral yon enstriman pou reyalize rediksyon emisyon gaz a efè sè ki nesese nan Lwa sou Klima a, ki gen ladan rediksyon emisyon gaz ki lakoz efè sè pa 85 pousan dis 2050 soti nan nivo 1990 yo. Nan dat 19 desanm, [Konsèy Aksyon Klima Eta New York la te adopte Plan Eksploratwa a](#), ki dekri politik ak aksyon yo rekòmande pou ede satisfè objektif ak egzijans Lwa sou Klima yo. Plan an se te akimilasyon plis pase twa ane kolaborasyon, ki gen ladan kontribisyon nan Komite Konsiltatif ak Gwoup Travay Konsèy la, depi pwomilgasyon Lwa sou Klima an 2019.

Se Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a ki te bay finansman pou sibvansyon ZEV yo anonse jodi a. Pami anpil [viktwa anviwònmanal yo nan Bidjè Eta 2022-23](#), EPF te finanse nan 400 milyon dola, pi wo nivo finansman nan istwa pwogram nan. EPF la sipòte efò pou diminisyon ak adaptasyon chanjman klimatik yo, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite lwazi pou Nouyòkè yo.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la k ap mennen nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki kòrèk epi ki jis ki kreye travay ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj

investisman enèji pwòp ak efikasite enèji yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York se sou yon chemen pou reyalize yon sektè elekrisite zewo emisyon disi 2040, ki gen ladan pwodisyon enèji renouvlab 70 pousan an 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.8 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans 2,100 pousan nan sektè solè distribye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye avanse aksyon klimatik New York la ak prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki anrejistre ak 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominotè Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede lite kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418